



**Depatman Sekirite Nasyonal
(DHS)**

Biwo Pou Dwa Sivil ak Libète Sivil

**Plent Dwa
Sivil**

Vèsyon Pou Enprime (dènye revizyon 03/15/2011)

Rezon fòm sa a se pou ede ou ranpli yon plent pou dwa/libète civil ak Biwo Depatman Sekirite Nasyonal la (DHS) ak Biwo pou Dwa Sivil ak Libète Sivil la (CRCL) konsènan pwogram ak aktivite DHS yo. Fòm sa a pa la pou itilize pou plent konsènan travay ak DHS. Ou pa oblige itilize fòm sa a pou depoze yon plent ; yon lèt ak menm enfòmasyon an ap ase. Sepandan, si ou itilize yon lèt pou depoze yon plent, w ap bezwen mete menm enfòmasyon yo mande nan fòm nan.

Misyon Biwo Pou Dwa Sivil ak Libète Sivil la:

Biwo Pou Dwa Sivil ak Libète Sivil (CRCL) DHS la soutni depatman an kote li ap pwoteje nasyon an pandan lap prezève libète, jistics ak egalite pou chak grenn moun devan lalwa. Nou envestige reklamasyon moun fè sou abi dwa sivil ak libète sivil, pou ede DHS amelyore pwoteksyon ak pwogram yo.

**Èske ou genyen yon plent pou DHS sou dwa sivil ak libète sivil? Si w kwè yon anplwaye DHS oswa yon pwogram oswa aktivite DHS te vyole dwa ou, nou ta renmen pale ak ou.
Ranpli fòmilè sa a, oswa voye yon imèl oswa lèt pou nou.**

Nan yon pwogram, aktivite, oswa règ DHS, èske yo te:

- Fè diskriminasyon kont ou akòz de ras, gwooup etnik, orijin nasyonal (menm paske ou pa pale yon lang byen), reliyion, sèks oswa andikap ou? (Remak: pa itilize fòmilè sa a pou pote yon plent kont diskriminasyon nan travay, ale nan www.dhs.gov/eeo.)
- Refize ba ou bon aksè nan pwogram, aktivite, oswa sèvis DHS oswa sa DHS soutni paske ou pa pale ase angle ?)
- Vyole dwa ou pandan w te nan prizon imigrasyon oswa te nan men imigrasyon?
- Fè diskriminasyon kont ou oswa poze ou kesyon ki pa awopriye sou fason ou te antre Ozetazini?
- Vyole dwa ou genyen pou yo trete ou jis devan lalwa, tankou dwa pou yo avèti ou akizasyon a tan oswa ba ou aksè ak avoka ou.
- Vyole obligasyon konfidansyalite Lwa Sou Vyolans Kont Fanm nan?
- Ba ou kou oswa fè ou nenpòt lòt kalite abi?
- Vyole nenpòt lòt dwa sivil oswa libète sivil ki gen pou wè ak yon pwogram oswa aktivite DHS?

Remak Sou Konfidansyalite ak Anonimite:

- A) Si w vle rete anonim pa mete non ou nan fòm ki pi ba a. Sepandan, CRCL kapab pa ka envestige plent ou a amwenske ou bay ase enfòmasyon pou fè yon envestigasyon.
- B) Se sèlman moun ki bezwen konnen enfòmasyon ou bay yo, tankou idantite ou, nou pral bay yo, epi nou diskite sa nan Deklarasyon Sou Vi Prive nan fen dokiman sa a. SI W KOCHÉ KARE KI ANBA A, NOU PA PRAL PATAJE IDANTITE OU AK LÒT BIWO, SWA ANNDAN OSWA DEYÒ DHS, (sòf si li nesesè pou envestigasyon sou yon zak kriminèl). Men, nou vle ou remake nan anpil sitiayson, sa pral rann li vrèman difisil oswa enposib, an pratik, pou nou envestige akizasyon ou fè yo.
- Mwen PA vle CRCL pataje non mwen ak lòt biwo yo, epi mwen konprann souvan desizyon sa a pral rann li enposib pou yon envestigasyon fèt.
- C) Li ilegal pou moun pran revanj kont moun ki pote plent bay CRCL yo, si w santi ou se yon viktim reprezay,
RELE NOU. 1-866-644-8360

Enfòmasyon Sou Plent la

Si w pa pale/ekri ann Angle, CRCL genyen entèprèt epi yo ka pale ak ou nenpòt lang.

① Enfòmasyon sou moun yo te vyole dwa sivil/libète civil li a (ranpli sa ou kapab)

Non: _____

Premye ak Dezyèm non

Siyati

No. Telefòn: Pòtab: _____ Lakay: _____ Travay: _____

Nou vle ou remake nou kapab kontakte ou nan nimewo ou bay yo

Adrès Postal: _____
Bwat Postal ou Adrès _____ Vil _____ Eta _____ Kòd Postal _____

Dat Nesans: _____ Imèl (si w vle bay li): _____

No. Kat Rezidans Etranje: (si w genyen youn epi li nan men ou): _____

Koche la si w nan prizon kounye a.

Nan ki prizon? _____
Non prizon an _____ Adrès prison an _____

Koche la si w gen yon avoka kap reprezante ou nan zafè sa a. Si ou genyen youn, tanpri bay non avoka ak enfòmasyon pou kontakte li. _____

② Èske w ap ranpli fòmilè pou pote plent sa a pou yon lòt moun? Si se wi, tanpri mete enfòmasyon pa ou menm

Non: _____
Premye non _____ Siyati _____ Tit travay _____

Òganizasyon (si gen youn) _____

No. Telefòn: Pòtab: _____ Lakay: _____ Travay: _____

Adrès Postal: _____
Bwat Postal ou Adrès _____ Vil _____ Eta _____ Kòd Postal _____

③ Kisa ki te pase? Dekri plent w ap fè a. Bay kantite detay posib ou kapab sou eksperyans ou an.

Kilè sa te rive? Si li te rive plizyè fwa, tanpri di kilè pwoblèm nan te kòmanse.
(*Si li te rive plis pase yon fwa, mete tout dat yo*):

Ki kote sa te pase?

Kote a (*pa egzanp, non prizon an, ayewopò, oswa lòt kote*): _____

Vil: _____ Eta ou Konte: _____

④ Ki moun ki te trete ou enjis la?

Yon anplwaye, yon moun kap travay sou kontra, oswa yon ofisyé (*koché tout sa ki aplike*):

- | | |
|--|---|
| <input type="checkbox"/> Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini
(USCIS) | <input type="checkbox"/> Ou pa konnen ki biwo DHS |
| <input type="checkbox"/> Depatman Dwàn ak Pwoteksyon Fontyè
(CBP)* | <input type="checkbox"/> Yon moun ki pa anplwaye DHS kap travay sou
otorite DHS (<i>pa egzanp, ofisyé 287g</i>)
espesifye _____ |
| <input type="checkbox"/> Ofisyé Dwàn | |
| <input type="checkbox"/> Ajan Patwouy Fontyè | |
| <input type="checkbox"/> Ajans Federal Pou Jesyon Ijans (FEMA) | |
| <input type="checkbox"/> Egzekisyón Lwa Imigrasyon ak Dwàn (ICE) | |
| <input type="checkbox"/> Sèvis Sekrè (USSS) | |
| <input type="checkbox"/> Administrasyon Sekirite Transpòtasyon (TSA)* | |
| <input type="checkbox"/> Gad Kòt Etazini (USCG) | |
| <input type="checkbox"/> Lòt Pwogram DHS (<i>espesifye</i>) : | |
-

*Si plent ou a se pou yon ensidan ki te fèt nan yon ayewopò, estasyon tren, oswa fontyè, ou kapab depoze yon plent ak Pwogram Ankèt Reparasyon Pou Vwayajè Depatman Sekirite Nasyonal (TRIP). TRIP ak Biwo sa a pral revize plent ou a ansanm, ki fè pral genyen yon rezulta ki pi rapid. Ale nan: www.dhs.gov/trip.

⑤ Mete non nenpòt moun ki kapab te tandé oswa wè sa ki te pase a.
(*Si ou pa konnen non yo, bay nenpòt detay ou kapab*)

Non (oswa lòt enfòmasyon, tankou ajans la):

Adrès Postal:

Bwat Postal ou Adrès

Vil

Eta ou Konte

Kòd Postal

No. Telefòn:

Imèl:

Kontinye nan yon lòt paj, si w bezwen.

⑥ Èske ou kontakte okenn lòt biwo ki fè pati DHS oswa lòt ajans federal, eta,
oswa lokal gouvènman oswa tribunal pou plent sa a?

Wi: Ajans/Biwo/Tribinal _____ Dat: _____
 Non

Si w te fè sa, èske gen okenn moun ki te reponn plent ou a?

Wi Non

Si yo te reponn, dekri kisa yo te fè pou reponn plent ou a:

Kontinye nan yon lòt paj, si w bezwen.

⑦ Èske genyen okenn lòt enfòmasyon ou vle fè nou konnen oswa konsidere?

Kontinye nan yon lòt paj, si w bezwen.

⑧ Si w pa pale angle byen, tanpri di nou nan ki lang ou ta prefere nou kominike avèk ou.

⑨ Si w genyen difikilte pou konprann fòmilè sa a oswa nenpòt lòt kesyon, kontakte CRCL:

Imèl:	crcl@dhs.gov	Nan Sèvis Postal Etazini:
Telefòn:	Lokal: 202-401-1474 oswa Apèl Gratis: 866-644-8360	Department of Homeland Security CRCL/Compliance Branch
TTY:	TTY Lokal: 202-401-0470 Nimewo TTY Gratis 866-644- 8361	245 Murray Lane, SW Building 410, Mail Stop #0190 Washington, DC 20528
Faks:	202-401-4708	<i>Remak:</i> Pou mezi sekirite, li kapab pran jiska 4 semèn pou nou resevwa lèt pa lapòs Etazini.

⑩ Pou soumèt fòm sa a pa imèl, tanpri anrejistre li ou òdinatè a epi voye li tankou yon atachman bay crcl@dhs.gov. Tanpri atache tout enfòmasyon ki soutni plent ou a, tankou dokiman, foto, dosye medikal, akizasyon, oswa deklarasyon temwen.

Voye kopi, pa orijinal yo; epi mete non ou ak dat plent sa a sou chak dokiman. (Fakse bay: 202-401-4708, oswa si w eskane dokiman w yo voye yo bay crcl@dhs.gov, oswa poste yo nan adrès ki ekri anlè a.)

Pa blye kenbe kopi plent sa a pou tèt ou.

Deklarasyon Lwa Sou Vi Prive

Dapre 6 U.S.C. § 345 ak 42 U.S.C. § 2000ee-1, Biwo Dwa Sivil ak Libète Sivil (CRCL) gen otorizasyon pou envestige plent ak enfòmasyon publik la bay sou sa ki kapab vyolasyon dwa sivil ak libète sivil ki gen pou wè ak amplwaye, pwogram, oswa aktivite DHS. Yon lwa federal, ki rele Lwa Sou Vi Prive, di nou dwe eksplike ou kijan nou pwoteje enfòmasyon ou pandan nap trete plent ou a.

Si lap pi apwopriye pou yon lòt biwo federal regle plent ou a, nou pral refere li nan biwo sa a. Pou nou ka envestige plent ou a, CRCL pral pataje enfòmasyon sou plent ou a ak lòt biwo DHS ki apwopriye, tankou Biwo Enspektè Jeneral la. Epi tou CRCL kapab pataje sèten enfòmasyon nan plent ou a si lalwa egzije nou fè sa oswa si pa genyen enpak sou okenn vi prive. Pa egzanp, nou voye rapò bay Kongrè Etazini a chak twa mwa sou plent publik la soumèt. Rapò sa yo dekri **kalite** plent la epi **yo pa genyen enfòmasyon pèsonèl**. Pou w ka li achiv rapò nou yo, ale sou www.dhs.gov/crcl.

Pou aprann plis sou Lwa sou Vi Prive a ale nan Sant Enfòmasyon Federal la sou www.pueblo.gsa.gov.

**Ou kapab itilize paj sa yo pou ajoute enfòmasyon an plis sou plent ou a si w bezwen.
Tanpri mete ak ki paj anlè a w ap kontinye.**

Kontinye nan paj sa a, si w bezwen.

Kontinye nan paj sa a, si w bezwen.